**दिन–रविवार** **दिनांक–15.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ पूर्णियां जिला सँ चालीस हजार करोड़ टाका सँ बेसीक कतेको विकास परियोजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। पूर्णियांक गुलाबबाग मे एक जनसभा के सेहो संबोधित कयलनि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे प्रधानमंत्री जनौलनि जे डबल इंजन सरकार बिहारक लोकसभक जिनगी के बढ़ियाँ बनेबाक ले सदिखन काज कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री नव बनल पूर्णियां हवाई अड्‌डाक उद्‌घान कयलनि। एहि सँ आब पूर्णियां देशक विमानन मानचित्र पर आबि गेल अछि। श्री मोदी मखान बोर्ड सेहो उद्‌घाटन कयलनि। बोर्डक स्थापनाक घोषणा एहि वर्षक केंद्रीय बजट मे कयल गेल छल। केन्द्र सरकार काल्हि राष्ट्रीय मखान बोर्डक स्थापना लेल अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि। बोर्ड मखानक उपजा आओर नव तकनीकक विकास के बढ़ाबा देत। बिहार देशक नब्बे प्रतिशत मखान उपजाबैत अछि। एहि मे मधुबनी, दरभंगा सीतामढ़ी, सहरसा, कटिहार, पूर्णियां, सुपौल, किशनगंज आओर अररिया केन्द्र है। उर्जा क्षेत्र मे प्रधानमंत्री भागलपुरक पीरपैंती मे चौबीस सय मेगावाट ताप विद्युत परियोजनाक आधारशिला रखलनि। श्री मोदी छबीस सय अस्सी करोड़ टाका सँ बेसी लागतबला कोसी–मेची अंतरराज्यीय नदी लिंक परियोजनाक पहिल चरणक आधारशिला सेहो रखलनि। एहि सँ पूर्वोत्तर बिहारक कतेको जिला मे सिंचाई कयल जायत। बाढ़िक रोक–थाम मे मजगूती आओर कृषि क्षमता बढ़त। प्रधानमंत्री जोगबनी आओर दानापुरक बीच वंदे भारत एक्सप्रेस के झंडा देखाकऽ रबाना कयलनि। एहि सँ अररिया, पूर्णियाँ, मधेपुरा, सहरसा, खगड़िया, बेगूसराय, समस्तीपुर मुजफ्फरपुर, वैशाली आओर पटना सहित कतेको जिला के लाभ होयत। श्री मोदी सहरसा–छेहरटा आओर जोगबनी–इरोडक बीच अमृत भारत एक्सप्रेस रेलगाड़ी के सेहो हरियर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि। श्री मोदी पीएम आवास योजना–ग्रामीण मे पैतीस हजार लाभार्थी सभ के गृह प्रवेश करौलनि। एहि मौका पर पीएम–आवास योजना– शहरी मे साठि हजार लाभार्थी सभ के घरक कुंजी सौंपलनि। सभा के मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक संग–संग कतेको पैघ–पैघ नेता सभ सम्बोधित कयलनि।

---

सर्वोच्च न्यायालय वक्फ संसोधन अधिनियम दू हजार पच्चीसक किछु प्रावधान पर रोक लगा देलक अछि। प्रधान न्यायाधीश न्यायमूर्ति बी.आर गवई आओर न्यायमूर्ति ए.जी. मसीहक पीठ ओ प्रावधान पर रोक लागा देलनि अछि जाहि अनुसार कोनो व्यक्ति के वक्फ बनेबाक लेल पांच साल धरि इस्लामक पलान करब जरूरी अछि। ई रोक तऽ धरि जारी रहत जा धरि राज्य सरकार ई शर्तक निर्धारणक संबंध मे कोनो बढ़ियां नियम नहि बन लैत अछि। संगहि सरकारक नामित अधिकारी के ई मुद्दा देखबाक प्रावधान पर रोक लगा देल गेल अछि जे कोनो वक्फ संपत्ति सरकारी संपत्ति पर अतिक्रमण कयलक अछि या कि नहि। वक्फ वोर्ड मे गैर मुस्लिम सदस्य सभक नामांकनक सहमति देबयबला प्रावधान पर रोक नहि लगाओल गेल अछि। न्यायालय ई स्पष्ट कयलक अछि जे जा धरि संभव हो बोर्डक पदेन सदस्य मुस्लिम व्यक्ति होयबाक चाही। न्यायालय ई सेहो जनौलक अछि जे केन्द्रीय वक्फ परिषद मे चारि सँ बेसी गैर मुस्लिम सदस्य नहि होयत आओर राज्य वक्फ बोर्ड मे तीन सँ बेसी गैर मुस्लिम सदस्य नहि लेल जायत

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर मंत्री जीवेश कुमारक खिलाफ दरभंगा जिलाक सिंघवाड़ा थाना मे प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। जीवेश कुमार पर एक यू–ट्यूबरक संग मारि पिट करबाक आरोप अछि। पीड़ित युवक संग राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव एफआईआर दर्ज करेबाक लेल थाना गेल छलाह। बाद मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे श्री यादव जनौलनि जे जौ पीड़ित के न्याय नहि भेटैत अछि तऽ चक्का जाम कयल जायत।

---

बिहार पुलिस मे सिपाही आओर दरोगाक पद पर नियुक्तिक मांग के लऽकऽ अभ्यर्थी सभ आइ पटना मे प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शनकारी सभक जथ्था पटना कॉलेज सँ सीएम आवास के घेरावक लेल चलल छल। डाकबंगला चौराहा पर पुलिस अभ्यर्थी सभ के रोकबाक कोशिश कयलक। प्रदर्शनकारी सभ पर नियंत्रण लेल पुलिस के बल प्रयोग सेहो करय पड़ल।

---

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ बारिश भऽ रहल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चारि दिन धरि राज्यक उत्तरी क्षेत्र मे कतेको ठाम भारी सँ बहुत भारी बरखा भऽ सकैत अछि। किशनगंज, अररिया, पश्चिम चंपरण, गोपालगंज, वैशाली, सारण, समस्तीपुर आओर खगड़िया जिला मे बेसी बरखा होयत। ओतहि, राज्यक आनो–आन भाग मे बारिश भऽ सकैत अछि।

---

समाप्त